

18 Janvye 2018




Konje Peye
pou Fanmi

Yon Gid pou Patwon yo

Ajanda

- 1. Poukisa New York Bezwèn Konje Peye pou Fanmi**
- 2. Yon Apèsi sou Konje Peye pou Fanmi**
- 3. Responsabilite Patwon**
- 4. PFL ak Lòt Règleman pou Konje**
- 5. Resous**
- 6. Keson ou yo**



Poukisa nou bezwen Konje Peye pou Fanmi?

Liy Èd: (844) 337-6303


Sitwèb: www.ny.gov/PaidFamilyLeave



Poukisa nou bezwen Konje Peye pou Fanmi?

- 1 Anplwaye yo ap lite pou kenbe travay yo pandan y ap pran swen fanmi yo pandan yon peryòd bezwen espesifik**
- 2 Presyon ka afekte pèfòmans nan travay ak espas travay la**
- 3 Konje peye ogmante chans pou anplwaye yo retounen travay, ki fè patwon yo kenbe plis anplwaye epi yo depanse mwens**

NY ap Dirije Nasyon an

- 
- Gouvènè Cuomo te travay pou devlope Konje Peye pou Fanmi ki pi solid ak **pi konplè** nan eta a
 - **April 2016** yo te siyen pwopozisyon lwa a pou li tounen yon lwa

Enfòmasyon Fondamantal sou Konje Peye pou Fanmi

- Konje Peye pou Fanmi se asirans anplwaye a finanse li menm
- Li bay **Konje Peye** ak **Pwoteksyon Travay** pou anplwaye yo kapab:



Pase tan ak yon nouvo timoun



Pran swen yon fanmi ki malad



Ede fanmi lè yon fanmi nan
militiè al travay aletranje



Fason pou Itilize Konje Peye pou Fanmi

Liy Èd: (844) 337-6303

Sitwèb: www.ny.gov/PaidFamilyLeave



Pase Tan ak yon Timoun

Bay toude paran yo tan pou pase ak yon timoun nan premye
12 mwa:



Swen pou yon Fanmi ki Malad

Pa ou konje peye pou pran swen:

- yon fanmi
- ak yon pwoblèm sante grav

Swen pou yon Fanmi ki Malad

Fanmi ki kalifye gen ladan:

- mari oswa madanm
- moun ki plase
- ptit
- ptit mari oswa
madanm
- paran
- paran mari oswa
madanm
- mari oswa
madanm paran
- granparan
- ptit-ptit

Manm fanmi sa **yo**
kapab ap viv deyò Eta
New York ak menm
deyò Etazini.

Swen pou yon Fanmi ki Malad

**Yon pwoblèm sante grav se yon maladi, chòk, andikap,
oswa pwoblèm fizik oswa mantal ki bezwen swa:**

- 1. swen pou pasyan ki entène oswa**
- 2. tretman oswa sipèvizyon yon pwofesyonèl swen
sante regilyèman**

Swen pou yon Fanmi ki Malad

Men kèk egzanp pwoblèm sante grav:

- **manman yon anplwaye ap resevwa chimyoterapi**
- **papa yon anplwaye ap rekipere apre yon operasyon**
- **pitit yon anpwlaye ap resevwa tretman pou adiksyon**

Swen pou yon Fanmi ki Malad

Men kèk egzanp pwoblèm sante nou pa konsidere kòm grav anba Konje Peye pou Fanmi:

- grip/larim
- swen dan, òtodoni woutin
- tretman kosmetik

Ede Pandan yon Deplwaman Militè

Pou ede yon madanm, mari, ptit, patnè nan kay oswa paran yo voye aletranje nan sèvis militè aktif. Evènman yo kapab:

- Deplwaman militè ak yon avi tou kout
- Aktivite militè ak aktivite ki gen rapò ak li
- Repo pou manm militè, rekiperasyon oswa konsèy
- Aktivite apre Deplwaman
- Pou fè aranjman finansye/jiridik
- Aranjman gadri timoun manm militè a



Avantaj yo

Liy Èd: (844) 337-6303

Sitwèb: www.ny.gov/PaidFamilyLeave



Avantaj Konje

Y ap ajoute avantaj konje yo ti kras pa ti kras kòmanse 1ye janvye 2018 pou **8 semèn** epi yo pral rive sou **12 semèn** avan 2021



* Depatman Sèvis Finans ap evalye mache a chak ane avan yo ogmante avantaj yo

Avantaj Salè

Y ap ajoute avantaj konje yo gradyèlman kòmanse 1ye janvye 2018 pou **50 %** salè mwayen pa semèn yon anplwaye epi l ap rive sou **67** semèn avan 2021



* Avantaj yo pral limite a pousantaj Salè Mwayen pa Semèn Eta New York la

Dwa ak Pwoteksyon Anplwaye yo

Anplwaye gen konje peye ak:

- **Pwoteksyon Travay**
- **Asirans Sante kontinye pandan ou nan konje**
 - Anplwaye yo kontinye peye pòsyon pa yo, si genyen
- **Gen pwoteksyon kont diskriminasyon oswa reprezay kont anplwaye paske yo te mande oswa pran Konje Peye pou Fanmi.**



Kontribisyon Anplwaye yo

Liy Èd: (844) 337-6303

Sitwèb: www.ny.gov/PaidFamilyLeave




Konbyen Anplwaye yo Dwe Peye?

- Anplwaye yo peye pou avantaj sa yo nan yon ti dediksyon sou chèk yo chak semèn.
- Kontribisyon nan pewòl 2018 la se 0.126% nan salè mwayen chak semèn yon anplwaye
 - Kontribisyon yo gen yon limit yon maksimòm \$85.56 pa ane.
 - Si yon anplwaye touche mwens pase Salè Mwayèn Chak Semèn Eta New York lan, kontribisyon anyèl li pral pi piti pase limit la

Egzanp: Si yon anplwaye touche \$27,000 ane sa a (\$519 pa semèn), yo pral peye apeprè 65 santim pa semèn pou Konje Peye pou Fanmi.

Kalkilatris Dediksyon Chak Semèn

Yon kalkilatris dediksyon
chak semèn disponib:
ny.gov/PFLcalculator



The screenshot shows the New York State Paid Family Leave website. At the top, there's a navigation bar with links for Services, News, Government, and Local. Below that is a secondary navigation bar with links for Paid Family Leave, EMPLOYERS, EMPLOYEES, PROVIDERS, and FORMS. The main content area has a title "PAID FAMILY LEAVE" and "Weekly Payroll Deduction". It states that the weekly Paid Family Leave payroll deduction is estimated to be \$0.76. It also notes that if paid bi-weekly, double this amount to see what will be taken out of your paycheck. A note at the bottom says actual deduction may vary from pay period to pay period. There's a "RESUBMIT" button and a "QUESTIONS OR CONCERN" section at the bottom.

Liy Èd: **(844) 337-6303**

Sitwèb: **www.ny.gov/PaidFamilyLeave**



Egzanp Pwoteksyon Konje Peye pou Fanmi an 2018

Salè Chak Semèn	Kontribisyon Chak Semèn pou PFL	Maksimòm Konje PFL	Salè Chak Semèn sou PFL	Maksimòm Avantaj Peye
\$500 (\$26,000 chak ane)	\$0.63/semèn (\$32.76 chak ane)	8 semèn	\$250	\$2000
\$1305.92 (\$67,907 chak ane)	\$1.65/semèn (\$85.56 chak ane)	8 semèn	\$652.96	\$5223.68



Kalifikasyon Anplwaye

Liy Èd: (844) 337-6303

Sitwèb: www.ny.gov/PaidFamilyLeave



Kimoun ki kalifye?

- Patwon prive yo oblige patisipe
- Patwon piblik yo ka patisipe.
- Anplwaye piblik ki gen yon sendika ki reprezante yo ka kouvri si tout gwoup la negosye pou Konje Peye pou Fanmi.

Kimoun ki kalifye?

Anplwaye yo kalifye si yo travay regilyèman:

- 20 oswa plis èdtan pa semèn
 - Pou **26 semèn** youn apre lòt
- Mwens pase **20** èdtan pa semèn
 - Pou **175** jou

Anplwaye yo kalifye kèlkeswa sitwayènte yo ak/oswa **sitiyasyon yo ak imigrasyon**

Èske Anplwaye yo ka mande Egzanpsyon pou Pwoteksyon?

Anplwaye ki pa travay tan minimòm lan ka depoze yon fòm egzanpsyon, ki disponib nan **ny.gov/PaidFamilyLeave**

- Anplwaye ki depoze yon egzanpsyon pa pral **kalifye** pou avantaj ak **egzanpsyon** nan kontribisyon

Èske yo ka Anile Egzanpsyon yo?

- Y ap anile egzanpsyon an otomatikman si orè anplwaye an chanje oswa yo chwazi anile li nenpòt ki lè.
- Anplwaye yo pral kòmanse fè kontribisyon pou Konje Peye pou Fanmi ansanm ak nenpòt montan retwo-aktif yo dwe a.



Demann pou Konje Peye pou Fanmi

Liy Èd: (844) 337-6303

Sitwèb: www.ny.gov/PaidFamilyLeave



Kilè anplwaye ka pran Konje Peye pou Fanmi?



- Apatide **1ye janvye**
- **Maksimòm avantaj yo disponib yon fwa chak 52 semèn**

Kijan Anplwaye yo Mande Konje

Anplwaye

- Di patwon w si ou bezwen PFL **30 jou davans**, si ou ka prevwa li

Anplwaye

- Depoze fòm reklamasyon avèk **patwon**

Patwon

- Antre enfòmasyon sou fòm reklamasyon an
- Retounen bay anplwaye a **nan 3 jou oswa pi piti**

Anplwaye

- Tache dokiman sipò yo
- Voye li bay **konpayi asirans la**

Konpayi asirans yo dwe peye oswa refize yon reklamasyon nan 18 jou apre yo resevwa li.

Pou Jwenn Fòm Demann

Anplwaye yo ka jwenn fòm Konje
Peye pou Fanmi yo nan men:

- Ou
- Konpayi asirans ou
- ny.gov/PaidFamilyLeave

Request For Paid Family Leave
(Form PFL-1)

PART A - EMPLOYEE INFORMATION (to be completed by the employee)

1. Employee's legal name (first name, middle initial, last name)
2. Other last names, if any, under which employee has worked
3. Employee's mailing address

Street address _____
City, state _____
Zip code _____ County (if not USA) _____
4. Employee's Social Security number (or TN)

____ - ____ - ____
____ / ____ / ____
5. Employee's date of birth (MM/DD/YYYY)

____ / ____ / ____
6. Employee's primary telephone number

(____) ____ - ____
7. Employee's email address
8. Employee's gender: Male Female

9. Employee's preferred language
 English Spanish French Chinese Hebrew Hébreu 其他 (Other)

10. Employee's ethnicity and race
 Optional, for purposes of health demographic only (U.S. Centers for Disease Control and Prevention (CDC) code set, version 1.0)
 Is employee of Hispanic, Latino, or Spanish origin?
(One or more categories may be selected.)
 Mexican Puerto Rican Cuban Another Hispanic, Latino, or Spanish origin
 Mexican-American Cuban-American Puerto Rican-American Dominican Cuban-American
 Black or African-American Asian Indian or Alaska Native Other Asian
 White Asian Indian Black or African-American Asian Indian Other Asian
 Native American Chinese White Asian Indian Native American
 American Indian or Alaska Native Chinese Native American Chinese or Chicanos Asian Indian Native American
 Asian Indian Vietnamese Korean Vietnamese Asian Indian Native American
 Vietnamese Japanese Vietnamese Korean Vietnamese Vietnamese Vietnamese
 Other race Vietnamese Vietnamese Vietnamese Vietnamese Vietnamese

Paid Family Leave (PFL) Request

11. Reason for PFL request: Bond with child Care for family member Military qualifying event
12. The family member is employed:
 Child Spouse Domestic partner Parent Parent-in-law Grandparent Grandchild
13. Estimated PFL start date (MM/DD/YYYY)

____ / ____ / ____
14. Estimated PFL end date (MM/DD/YYYY)

____ / ____ / ____
15. If providing less than 30 days advance notice to the employer from the date in 13, please explain:

PFL-1 (03-18)
Page 1 of 4

If you need assistance, please call (844) 337-6303
www.ny.gov/PaidFamilyLeave

BARCODE

Fason pou Jere Dispit

- Si yo refize reklamasyon yon anplwaye, li ka mande yon evalyasyon
- Medyasyon ak yon abit ki net pral regle dispit

Pwoteksyon kont Diskriminasyon

Yon anplwaye ka depoze yon plent pou diskriminasyon ak Komisyon Konpansasyon Travayè a si patwon yo:

- pa re-integre anpwlaye a nan pozisyon ou te ye a oswa youn ki prèske menm jan an
- revoke anplwaye a
- redwi salè anplwaye ak / oswa avantaj li, oswa
- sanksyone anplwaye a

paske yo mande oswa pran Konje Peye pou Fanmi



Lis Verifikasiyon Patwon an

Liy Èd: (844) 337-6303

Sitwèb: www.ny.gov/PaidFamilyLeave



(1) Asire Ou Peye Pwoteksyon Konje Peye pou Fanmi ou

- Kontakte koutye asirans ou pou enfòmasyon sou règleman yo
- Si se ou k ap finanse pwòp asirans ou pou andikap, aplike pou asirans endepandan oswa achte yon kontra apa pou Konje Peye pou Fanmi.
- Pou jwenn yon lis konpayi asirans ki ofri kontra Konje Peye pou Fanmi, ale nan dfs.ny.gov/PFL

(2) Enfòme Anplwaye Ou Yo sou Konje Peye pou Fanmi

- Ou ta dwe mete ajou materyèl ekri yo pou mete Konje Peye pou Fanmi tou.
- Egzanp tèks pou mete nan tiliv la oswa lòt enfòmasyon alekri disponib pou telechaje nan seksyon Anplwayè nan [ny.gov/PaidFamilyLeave](http://www.ny.gov/PaidFamilyLeave).

(3) Kolekte Kontribisyon Pewòl Anplwaye yo

- Kolekte kontribisyon anplwaye ki peye pou asirans sa a
- Pou ede ou, yon kalkilatris dediksyon disponib nan ny.gov/PFLcalculator.

(4) Enfòme Anplwaye ki pa Kalifye yo sou Egzanpsyon

- Anplwaye ki pa kalifye ki pa satisfè egzijans tan yo ta dwe okouran chwa yo **pou mande yon egzansyon pou pwoteksyon an.**
- Anplwaye sa yo ta dwe ranpli yon fòm egzanpsyon, ki disponib nan **ny.gov/PaidFamilyLeave**
- Kenbe kopi tout egzanpsyon nan dosye ou

(5) Afiche yon Avi Anplwaye

- Konpayi asirans ou ap ofri ou yon avi pou anplwaye (Fòm PFL-120) ki deklare ou gen asirans pou Konje Peye pou Fanmi.
- Si ou finanse pwòp asirans ou, imèl Konsèy Konpansasyon Travayè Eta New York la nan **Certificates@wcb.ny.gov** pou jwenn yon avi.
- Afiche epi kenbe avi sa a yon kote l ap fasil pou wè.



Konje Peye pou Fanmi ak Lòt Règleman Konje

Liy Èd: (844) 337-6303

Sitwèb: www.ny.gov/PaidFamilyLeave



Kijan Konje Peye pou Fanmi ak FMLA Menm?

Konje Peye pou Fanmi ansanm ak Lwa sou Konje pou Rezon Familyal ak Medikal la bay:

- **Konje pou:**
 - pase tan ak yon timoun
 - pran swen yon fanmi ki malad
 - ede fanmi lè yon fanmi nan militè al travay aletranje
- **Pwoteksyon Travay**
- **Asirans sante kontinye pandan konje a**

Kijan Konje Peye pou Fanmi ak FMLA

Diferan?

	PFL	FMLA
Avantaj yo	Ki Peye	Ki pa Peye
Pwoteksyon	<ul style="list-style-type: none"> Tout anplwayè prive Anplwayè publik yo ka patisipe Youn oswa plis anplwaye nan nenpòt ane 	<ul style="list-style-type: none"> Anplwayè publik ak prive 50 oswa plis anplwaye nan yon reyon 75 mil
Kalifikasyon	<ul style="list-style-type: none"> Apre 26 semèn travay youn apre lòt si w ap travay regilyèman pou 20 oswa plis èdtan pa semèn Apre 175 jou travay si w ap travay regilyèman pou pi piti pas 20 èdtan pa semèn 	<ul style="list-style-type: none"> 12 mwa travay 1,250 èdtan travay nan 12 mwa avan ou pran konje a
Rezon pou Konje a	<ul style="list-style-type: none"> Anplwaye yo pa ka itilize li pou pwòp pwoblèm sante yo Yo ka itilize li pou pran swen yon timoun nenpòt ki laj 	<ul style="list-style-type: none"> Anplwaye yo ka itilize pou pwòp pwoblèm sante grav yo Yo ka sèvi li sèlman pou pran swen yon timoun si timoun lan pokon gen 18 tan, oswa "pa ka pran swen li ou poutèt yon andikap mantal oswa fizik"
Dire Konje a	<ul style="list-style-type: none"> Se sèlman yon jou konplè 	<ul style="list-style-type: none"> Baze sou èdtan
Konje Peye	<ul style="list-style-type: none"> Patwon yo pa ka egzije anplwaye yo itilize tan konje yo pandan yo nan PFL 	<ul style="list-style-type: none"> Patwon yo kapab pa fòse yon anplwaye itilize konje peye li pandan li nan FMLA

E Konje Peye pou Fanmi ak Lòt Kalite Konje?

- **Andikap Akoutèm:** Anplwaye yo pa ka kolekte avantaj pou andikap ak Konje Peye pou Fanmi menm lè a.
- **Konpansasyon Travayè:** Anplwaye pa ka kolekte avantaj Konje Peye pou Fanmi pandan y ap kolekte Konpansasyon Travayè pou yon andikap total
 - Anplwaye salè yo redwi ka pa kalifye pou avantaj yo

E si ou déjà ofri Konje Peye pou Fanmi?

Patwon yo lib pou ofri yon pi bon avantaj Konje Peye pou Fanmi

Patwon ak kontra asirans ak yon konpayi asirans:

- Diskite opsyon yo ak konpayi asirans ou an
- Konpayi an ap depoze notifikasyon avantaj amelyore avèk Komisyon Konpansasyon Travayè a
- Komisyon an ap evalye pou asire avantaj yo "omwen" bon menm jan ak avantaj legal yo

Patwon ki finanse asirans yo:

- Jwenn dokiman ki nesesè yo nan men administratè plan ou a oswa Komisyon an
- Depoze notifikasyon avantaj amelyore avèk Komisyon an
- Komisyon an ap evalye pou asire avantaj yo "omwen bon menm jan" ak avantaj legal yo

Patwon ki ofri avantaj ki pa gen pou wè ak Konje Peye pou Fanmi yo: Ou pa bezwen fè okenn lòt notifikasyon, ou toujou bezwen prèv pwoteksyon pou avantaj PFL legal

Konje Peye pou Fanmi Rive

Liy Èd: **(844) 337-6303**

Sitwèb: www.ny.gov/PaidFamilyLeave



Resous Adisyonèl pou Patwon yo

Ale sou **ny.gov/PaidFamilyLeave** pou jwenn aksè:

- Enfòmasyon detaye sou Konje Peye pou Fanmi
- Fòm Konje Peye pou Fanmi
- Kalkilatris dediksyon pewòl chak semèn
- Egzanp tèks pou tiliv enfòmasyon lòt materyèl
- Kesyon moun poze souvan konsènan Konje Peye pou Fanmi

Resous Adisyonèl pou Patwon yo

Sèvis asistans pa telefòn:
(844) 337-6303

Sitwèb:
ny.gov/PaidFamilyLeave

Jwenn Dènye Nouvèl sou Imèl:
Chwazi "Jwenn Dènye Nouvèl" anba sitwèb PFL la

JWENN DÈNYE NOUVÈL

A close-up photograph of a woman with dark hair smiling warmly at a baby she is holding. The baby is looking towards the camera. The background is slightly blurred.

Ou gen kesyon?

Liy Èd: **(844) 337-6303**

Sitwèb: www.ny.gov/PaidFamilyLeave

